**Health**

# Departëmaa bi yore wérgu-yaram ak feebaru xel ci Dëkku New York
# Kayitu yëgle bu yëngu-yëngu liggéey yi beru

Jëfe Nanu Ko Ci Awril 24, 2025

**Kayitu yëgle bi dafay leeral naka lanuy mën a jëfandikoo ak fësal say xibaari wérgu-yaram ak naka ngay mën a amee xibaar yooyu. Nu ngi lay ñaan nga xoolaat ko bu baax.**

Soo amee ay laaj, jokkool ak Kilifay Kilinik bi wala Kilifa gi yore Serwiisu wérgu-yaram ci barab bi. Mën nga jokkoo itam ak Kilifa gu mag gu Departëmaa bi yore wérgu-yaram ak feebaru xel ci Dëkku New York (Departëmaa bi yore wérgu-yaram ci NYC ) ci 347-396-6007 wala privacyofficer@health.nyc.gov.

**Leeral yiñ aar ci wàllu wérgu-yaram (Protected health information, PHI)** mooy leerali xibaari wérgu-yaramu nit bi nuy seddoo ci wax, bind, wala ci wàllu elektronik. Dafay ëmb leeral yu yaatu (niki say at, dëkkuwaay, ak email ak ay leeral ci sa wérgu-yaram wala sa xel. PHI dafay àndak leeral ci wàllu paj yi ngay jot ak payoori seerwiis yooya. Departëmaa wérgu-yaram bu NYC dafay sàmm kàddu yu nëbbu yi ci PHI ci topp bépp yoon, sàrt, ak tëralinu yoon.

Nu ngi lay jox kayitu yëgle bii ni ab xëtu yoon buy wone ne xibaar yi aju ci sa wérgu yaram mën nga ci am kilifteef te yóbbu ko foo bëgg 1996 (HIPAA) Kayitu yëgle bii dina fësal itam ni Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na jëfandikoo ak fësal (wala seddoo) sa PHI ak naka lanu ko aare. Kayitu yëgle bi itam dafay leeral say yelleef ak wareefi Departëmaa wérgu-yaram bu NYC suñuy jëfandikoo ak seddoo sa PHI.

### Ci kan la kayiyu yëgle bii jëm

Jàppe nanu Departëmaa wérgu-yaram bu NYC niki ab "bànqaas bu dëkkoo lu bari" ci kilifteefu HIPAA ndax dafay joxe serwiisi wérgu-yaram ak serwiisi wérgu-yaramu askan yépp. HIPAA mooy fay pajum wérgu-yaram yi waaye pajum askan wi bokku ci.

Kayitu yëgle bi dafa jëm ci serwiisi wérgu-yaram yi HIPAA di fay. Wareef yi nekk ci kayitu yëgle bi dañuy jublu ci képp kuy liggéey ci Departëmaa wérgu-yaram bu NYC di jëfandikoo ak seddoo sa PHI.

### Wareefi Departëmaa wérgu-yaram bu NYC

Ci yoon, kilinik yu Departëmaa wérgu-yaram bu NYC dañu war a:

- Deñcal sa PHI fu kenn xamul te wóor
- Di la yëgal sunuy wareef yu tegu ci yoon ak sunuy yëngu-yëngu liggéey yi beru sunuy jëfandikoo ak seddoo sa PHI

### Sàrti yoon yu beru

Sàrti yoon yu beru yu bari ci dayoo réew, gox, ak dëkk dañuy aaye lu bari ci jëfandikoo ak seddoo PHI. Sàrti yoon yooyu dañuy wax ci pajum yàqu-yàqu, saytu ak pajum HIV/AIDS, saytu

ak pajum feebaari séy, pajum feebaru xel, pajum njurukaay, yàq biir, pajum firndeel awra, ak tukki bitim réew. Politigu Departëmaa wérgu-yaram bu NYC ak kayitu yëgle biile dañuy topp sàrti yoon yooyu. Li ci bokkul bariwul, dinanu seddoo xibaar yi mënuta ñàkk kese.

**Naka la Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na jëfandikoo ak seddo sa PHI**

**Kañ la Departëmaa wérgu-yaram bu NYC war a seddoo sa PHI**

Ci yoon, Departëmaa wérgu-yaram bu NYC war na seddoo sa PHI ak yaw xanaa liggéeykat bu xereñ ci wàllu wérgu-yaram ne ko def loolu mën na la gaañ ci sa wérgu-yaram.

Sunu ko laajee, Departëmaa wérgu-yaram bu NYC war na itam seddoo sa PHI ak sekereteeru Departëmaa wérgu-yaram ak serwiisi askan bu U.S bi ci jamonoy saytu naka lanuy toppee sàrti yoon yiy aar sa PHI.

**Paj Mi**

Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na jëfandikoo ak seddoo sa PHI, ëmbaale tegtali fajkat, ngir am paj ak serwiis yi nga soxla. Mën nanu seddoo sa PHI ak ay fajkat yi bokk ci sa paj.

**Payoor**

Sa PHI dinanu ko jëfandikoo ni nu ko soxlaa ngir defar faktiir ak jot payoor ci paj ak serwiis yi nu lay defaf. Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo ay xibaar ci sa wàllu paj ak sa tëralinu asiraansu wérgu-yaram (ëmbaale Medicaid) wala ab kureelu paj bu jaar yoon ngir jot ndigalu payoor.

**Jëfi liggéeyu pajum wérgu-yaram**

Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na jëfandikoo ak seddoo sa PHI ngir sunuy jëfi liggéeyu pajum wérgu-yaram saa su nekk. Liggéeykati wérgu-yaram yi dinañu jëfandikoo sa PHI ngir xoolaat paj mi nu la defal ak njeexital yi mu am ci sa wérgu-yaram ngir méngale ko ak yeneen. Ci misaal, mën nanu xoolaat sa PHI ngir tàggat la, ngir saytu risk yi, wala ngir yokk baaxaay ak njëriñu paj mi ak serwiis yi nuy joxe.

Departëmaa wérgu-yaram bu NYC dina seddoo sa PHI ak yeneeni naatangoo liggéeykat yiy defal kër gi ay serwiis, niki defar faktiir. Naatangoo liggéeykat yi dinanu leen àrtu ñu aar sa PHI.

Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na dindi sa bépp xibaaru bopp bu ko defee sa PHI dina nu ko mën a jëfandikoo ngir jàngat serwiis yi ak paj mi te dunu fësal yaw yaay kan.

**Fàttalikukaayu ràndewu yi**

Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na jëfandikoo ak seddoo sa PHI ngir yonnee ay fàttalikukaayu ràndewu. Fàttalikukaay yiile duñu feeñal lutax ngay ñëw wisit ngir sa wérgu-yaram.

**Wareefi réew mépp, etaa, ak li dëkk yi laaj**

Departëmaa wérgu-yaram bu NYC dina seddoo sa PHI su ko yoon, sàrt, wala tëralinu yoon bu dëkk mépp, etaa, wala réew laajee.

**Yëngu-yëngu liggéeyu wérgu-yaram Askan wi**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI ak bépp këru wérgu-yaram bu nguur gi bu mën ci yoon jot PHI ngir wattu wérgu-yaram wala artu wala saytu feebar, gaañu-gaañu, wala laago. Bokk na ci kayiti tënk yu feebar, judd, ak génn-àdduna.

**Toroxal xale**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI ak bépp kilifay nguur gi bu mën ci yoon jot kayitu tënk bu toroxal xale.

**Tegtal yu serwiis ak pajum wérgu-yaram:** Soo nangoo, sunu la tegtalee ci ab fajkat, dinanu fësal sa PHI ak fajkat booba ngir mu toppatoo la wala defal la ay serwiis.

**Fàggu wérgu-yaram**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI ak bépp kër buy fàggu wérgu-yaram ci ay yëngu-yëngu yu jaar yoon (lu melni saytu, lànket, saytu liggéey, ak lisaansu liggéey) buy topp tëralinu pajum wérgu-yaram bi, porogaraamu nguur, teneen porogaraamu nguur yiy am saa su nekk, wala sàrti yelleefi nit ñi.

**Bànqaasu nguur bi yore dund gi ak garab yi (FDA)**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI ak képp nit wala këru liggéeyukaay bu FDA sàkku ngir mu:

- Yëgle ngaañ yi nekk ci jumtukaay yi, li bon li muy jur, wala jafe-jafe yi
- Yëgle coppite yi nekk ci biir jumtukaay yi
- Topp jumtukaay yi
- Fàttali jumtukaay yi
- defaraat wala weccoo
- Def ay ceytu ginnaaw njaay mi

**Amalin yu aju ci yoon**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI ngir tontu ab ëttu àttekaayu bu baax wala ndigalu nguur soo duggee ci mbirum yoon wala amalin bu aju ci yoon. Mën nanu itam seddoo sa PHI ngir tontu ab woote yoon, laajum kayit, wala beneen doxalinu yoon bu nit keneen ci amalin bi, sudee kese def nanu ay jëf ngir jokkoo ak yaw ci laaj bi wala ab ndigalu aar am nanu ko ngir aaye jëfandikoo wala fësal sa PHI ci bépp jubluwaay bu nekkul amalin bu aju ci yoon ak ngir delloo wala yàq sa PHI ci njéexitalu amalin yoon bi.

**Jëfe yoon**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI su ko liggéeykat yiy jëfee yoon laajee:

- Ci tontu bépp ndigalu ëttu àttekaay, woo ci yoon, tayle, waat, wala doxalin yu nu mel
- Ngir ràññee wala gis ak nit ku nu jiiñ, ku daw, seede, wala ku fi nekkul
- Ngir jàng ci kenn nit ku dund kirim sudee mënunu am nit ki ànd ci
- Ngi jàng ci ab dee bunu yyaakaar ne kirim moo ko indi
- Ngir jàng ci ab kirim bu am ci sunu benn kilinik
- Ci lu jamp, nettali ab kirim wala jàng:
    - Fan la ab kirim am wala fan lanu mën a gisee nit ñi xam ab kirim
    - Kan moo def ab kirim wala fan lanu ko mën a gisee

**Dëjkat yi, amalkati dëj yi, ak maye cëru nit**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo PHI ak ab dëjkat wala saytukatu yaram ngir xam ab nit ku dee wala ràññee naka la nit ki deewee. Mën nanu itam feeñal PHI ci dëjkat yi ngir dimbali leen ci seeni liggéey, niko yoon mayee. PHI mën nanu ko jëfandikoo itam ak seddoo ko ci maye cëru nit.

**Gëstu**
Yenn saa yi, Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na jëfandikoo ak seddoo sa PHI ngir def ay gëstu. Ci njalbéen gëstu bi Biro biy saytu Departëmaa wérgu-yaram bu NYC war na ko nangu te topp bépp yoon, sàrt, ak tëralinu yoon.

**Joteefu way-jur**
Yenn sàrti dëkk yi leeral nañu lan la PHI mën a seddoo ak way-jur yi ak njaatige yi tegu ci yoon. Departëmaa wérgu-yaram bu NYC dina topp bépp sàrti yoon bu am njëriñ.

**Ndàmpaayu liggéeykat yi**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI ngir topp bépp sàrti ndàmpaayu liggéeykat wala porogaraam yu ni mel yuy joxe ndàmpaay ci gaañu-gaañu yi aju ci liggéey wala feebar.

**Yëngu-yëngu ci wàllu kirim**
Ci yenn sàrti nguur wala etaa, Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI sunu foogee ne jëfandikoo ko wala seddoo ko mën na tere wala wàññi ab tiital bu tar te jamp ci askan wi wala ci kaarànge wala wérgu-yaramu nit. Mën nanu itam feeñal sa PHI sunu bëggee kilifa yi ñu jëfee yoon ngir xam wala jàpp kenn nit.

**Nit ñi nu jàpp**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo PHI yu nit ñi nu jàpp ak seeni jumtuwaay wala mbir, sunu ko soxlaa ngir seeni wérgu-yaram ak kaarànge wala yeneen.

**Liggéeyu soldaar yi ak ya alaterete**
Soo nekkee ab soldaar, Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI niko kilifay soldaar yi di defe. Mën nanu itam seddoo PHI ci soldaari bitim réew yi ci lu méngoo ak kilifay soldaari bitim réew yi.

**Kaarànge réew mi ak espiyonaas**
Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na seddoo sa PHI ak liggéeykati nguur yi am sañ-sañ ngir espiyonaas, xeex espiyonaas, ak yeneeni yëngu-yëngu kaarànge ci biir réew mi niko yoon santaanee.  Mën nanu itam seddoo sa PHI ak liggéeykati nguur gi ndax ñu mën a def ay lànket yu baax wala aar Njiitu Réewum Amerig, ñeneen ñi am sañ-sañ, wala Njiiti Réew yi bawoo feneen.

**Nit ñi yor sa pajum wérgu-yaram**
Xanaa nga bañ cee ànd, Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na jëfandikoo wala seddoo sa PHI ngir xamal kenn ci say waa-kër wala sa ndawu bopp fan nga nekk ak sa anamu wérgu-yaram. Soo teewee, mën nga leen tere ñu jëfandikoo wala seddoo sa PHI. Soo mënul jël ndogal ci anam bu jamp, mën nanu seddoo sa PHI sunu foogee ne moo gën ci yaw.

**Say yelleef ci sa PHI**

Donte sa tàriqu wérgu-yaram nekk na moomeelu Departëmaa wérgu-yaram bu NYC, xibaar yi yaw yaa leen moom. Say yelleef ci sa PHI ñu ngi nii ci suuf. Mën nga duggal laaj bu la neex ci yiile ci bind Direktëeru kilinik bi, Kilifay serwiisu wérgu-yaram bi, wala ki ñu tànn:

**<u>Yelleefu xool ak sotti kayit</u>** Sa PHI danu ko deñc ci ab "deñcukaay bunu tànn" te mën nanu ko jëfandikoo ngir jël ay ndogal ci sa wàllu pajum wérgu-yaram. Deñcukaay bunu tànn bi dafay faral di ëmb say tàriqi wérgu-yaram ak faktiir. Am nga sañ-sañu xoolaat ak jot xibaar bi fileek Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mu ngi ko deñc. Yelleef boobu mënul laal:

- Njàngat ci pajum xel
- Xibaar yu nu boole mën nanu leen jëfandikoo ci jëfu siwil, jëyya, wala nguur wala doxalin
- PHI bi yoon aar

Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na bañ nga xoolaat ak jot sa xibaaru wérgu-yaram ci yenn anam yi. Su ñu bañee nga xool sa xibaaru wérgu-yaram, mën nga jokkoo ak Kilifa gi ci 347-396-6007 wala [privacyofficer@health.nyc.gov](mailto:privacyofficer@health.nyc.gov) ngir laaj ñu xoolaat li ñu la bañal

**<u>Yelleefu laaj ngir ñu amal ay coppite</u>**: Soo foogee ne xibaaru wérgu-yaram bi nu am ci yaw baaxul wala matul, mën nga nu laaj nu soppi (soppi wala yokk ci) xibaar boobu. Am nga sañ-sañu laaj ab coppite fileek Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mu ngi deñc sa xibaaru wérgu-yaram. Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mën na la bañal sa laaj sudee binduloo ko wala amul firnde bu dëgër bu ci ànd. Itam, mën nanu la bañal sa laaj sudee danga nu laaj nu soppi xibaar bu:

- Departëmaa wérgu-yaram bu NYC defaru ko woon, xanaa nit ki wala mbootaay bi sos xibaar bi mënul a amal coppite gi
- bokkul ci ñi deñc xibaaru wérgu-yaram bi wala Departëmaa wérgu-yaram bu NYC
- bokkul ci ñi yor xibaar bi nga mën a xoolaat ak jot
- nekk na lu jub te mat

**<u>Yelleef ngir jot kayitu yëgle su amee ab ndogteefu kaarànge</u>** Departëmaa wérgu-yaram bu NYC war na la xamal ci lu gaaw sudee laal nañu sa kumpa wala sa kaaràngey xibaar.

**<u>Yelleefi am ay leeral ci xibaar yi nu siiwal</u>** Ay xibaar yu nu digle nekk na ab limu nit ak mbootaay yi nuy seddool sa PHI. Bokkul ci lim bi xibaari paj yi, payoor, jubluwaayi paj yi ni nu ko waxee co kayitu yëgle bi wala yeneeni xibaar (niki bépp boo nu laaj nu defar ko). Am nga sañ-sañu yor xibaar yu nu digle ci PHI lu toll ci juroom-benni at laata bés bi nga koy laaj.

**<u>Yelleefu sàkku ay tënk</u>**: Am nga yelleefu sàkku ab tënk (wala yamale) ci PHI bi nuy jëfandikoo wala seddoo ci say mbiru paj, payoor, wala jubluwaayi paj. Am nga yelleefu sàkku ab yamale ci PHI bi nuy seddoo ci say mbir ak keneen ku bokk ci sa paj wala sa payooru paj. Am nanu sañ-sañu bañ a nangu sa laaj.

Soo fayee lépp ci ab serwiis wala paj ak sa xaalisu bopp, mën nga nu wax nu bañ a seddoo sa xibaar ak sa asiraansu wérgu-yaram ngir payoor wala jubluwaayi paj. Dinanu ànd ak yaw xanaa yoon bañ a ànd ci seddoo xibaar boobu.

**<u>Yelleefu sàkku jokkoog kumpa</u>**: Mën nga sàkku nu jokkoo ak yaw ci jëfandikoo yeneeni jumtukaay wala ci beneen barab ngir aar say mbir. Ci misaal, mën nga nu laaj nu jokkoo ak yaw ci sa liggéey wala jaare ko ci bataaxal. Mën nga laaj itam nu yonnee la xibaar bi ci mbar mu tëju, du ci kàrt postaal.

Soo bëggee nu jokkoo ak yaw te kenn du ko xam, yonneel ab laaj bunu bind ca Direktëeru kilinik ba wala ki ñu tànn. Sa laaj dafa war a wone naka wala fan nga bëgg nu jokkoo ak yaw. Soo jotee ay serwiis ci lu ëpp benn kilinik, danga war a bind ab laaj ci bu nekk.

**<u>Yelleefu tànn kenn ku lay defal</u>**: Soo joxee kenn nit dooley awokaa ci sa mbiri wérgu-yaram (xereñteefu nit ngir mu jëlal la ay ndogal soo ko mënul) wala Sudee kooku mooy sa njaatige ci yoon, mën nañu def ay tànneef ci sa PHI.

**<u>Yelleefu am kayitu sotti bu yëgle bi:</u>** Mën nga laaj ab kayitu sotti bu yëgle bi saa su nekk. Jokkool ak Direktëeru kilinik bi wala kilifay Serwiisu wérgu-yaram, wala Kilifa gu mag gi ci 347-396-6007 wala privacyofficer@health.nyc.gov.

**Sañ-sañu jëfandikoo PHI**

HIPAA dafa nuy laaj ngir nu am sa ndigal boo bind ngir jëfandikoo wala seddoo sa PHI ngir:

- Jubluwaayi fësal njaay
- Jaay say xibaar (politigu Departëmaa wérgu-yaram bu NYC mooy nu **bañ** a jaay sa PHI)
- Lu ëpp ci njàngatu xibaaru pajum xel

Departëmaa wérgu-yaram bu NYC dafa nuy laaj ngir nu am sa ndigal boo bind ngir jëfandikoo wala seddoo sa PHI ci ay firnde yu nekkul ci yëgle bi wala sàrt yi nu tënk. Soo nu joxee ndigal ngir j5ëandikoo wala seddoo sa PHI, mën nga fomb ndigal booba ci bind saa su nekk. Departëmaa wérgu-yaram bu NYC dafa nuy laaj ngir nu am sa ndigal boo bind ngir jëfandikoo wala seddoo sa PHI ci ay firnde yu nekkul ci yëgle bi wala sàrt yi nu tënk. Sunu mënul dindi xibaar yi nu bind ba noppi ak sa ndigal te war leen a deñc.

**Coppite yi ci kayitu yëgle bi**

Mën nanu soppi sunuy jëfi bopp ak kayitu yëgle bi. Mën nanu itam def ay coppite ci kayitu yëgle bi ci bépp PHI bunu am ba noppi ci yaw ak itam bépp xibaar bunu mën a jot ëllëg.

Dinanu poste ab kayitu sotti bu sunu yëgle ci jamono jii ci sunu kilinik yépp. Bés bu nuy jëfe (sunu tàmbalee jëfandikoo kayitu yëgle bi) dinanu ko bind ci collu xëtu mbind bu sàntar bi ak ci suufu ndeyjooru xëtu mbind bu kayitu yëgle bi. Itam, ab kayitu sotti bu yëgle bi ci jamono jii dinanu ko defar mu jàppandi ci yaw sa yunu ko yeesalee bés bi. Mën nga itam laaj ab kayitu sotti bu sunu yëgle saa su nekk te nga xool yëgle bi mujj jaare ko ci yër on.nyc.gov/privacy-practices.

**Ñaxtu**

Soo yaakaaree ne dañoo jalgati say mbir, mën nga bind ab bataaxalu ñaxtu Kilifa gu mag ga ca Departëmaa wérgi-yaram bu NYC wala Sekereteeru departëmaa wérgu-yaram ak serwiisu askan bu Amerig ci adarees yi nekk ci suuf. Amul benn daan ci yonnee ab ñaxtu:

- Ci internet yonneel sa bataaxalu ñaxtu ci privacyofficer@health.nyc.gov.
- Ci internet yonneel sa bataaxalu ñaxtu ci:
  - Kilifa giy saytu wàllu wérgu-yaram ak feebaru xel ci NYC ca Sàntaru Gotham 42-09 28th Street, 14th Floor, CN-30, Long Island City, NY 11101
- Duggalal sa ñaxtu jaare ko ci Departëmaa U.S. bi yore wérgu-yaram ak serwiisi nit ñi, Biro bi yore yelleefi nit ñi (OCR):
  - Duggalal sa ñaxtu jaare ko ci bind bataaxal, fax, bataaxalu internet, wala ci internet jaare ko ci Buntu Ñaxtu bu OCR.

**Kayitu yëgle buy dëggal kayitu rësi bu yëngu-yëngu liggéey yi beru**

Bi may xaatim ak bind bésub formileer biile, ànd naa ci ne jot naa ab kayitu sotti bu kayitu yëgle bu yëngu-yëngu liggéey yi beru ci Departëmaa bu NYC bi yore wérgu-yaam ak Pajum feebaru xel.

| Turu aji tawat ji (Nu ngi lay ñaan nga binde ko) | |
|---|---|
| Xaatimu aji tawat ji | Bésub |

Sudee an ndaw buy bindal aji tawat ji nga, bindal sa tur ci suuf.

| Turu ndaw li (Nu ngi lay ñaan nga binde ko) | |
|---|---|
| Xaatimu ndaw li | Bésub |

| For Official Use Only |
|---|
| □ Patient refused to sign<br>□ Patient was unable to sign<br><br>NYC Health Department employee initials: ______________<br>Date: ________________ |